

<b>Your Logo</b>	<b>Your Legal Services Program Name</b>	
------------------	---	--

## KEKSYON YO MANDE ANPIL – FOOD STAMPS

### Kimoun ki kalifye pou Food Stamps apre yon dezas

Apre yon dezas, gen 3 kalite food stamps ou kapab jwenn:

**Food Stamps kòm Ranplasman:** pou ranplase food stamps ki pèdi osinon manje ki gate;

**Food Stamps pou Dezas:** paske yon dezas te frape ou; epi

**Food Stamps pou ka Nesesite:** paske ou gen yon bezwen ijan.

Daprè sikonstans pa ou, epi tou ak ki kalite food stamps ki disponib, ou kapab kalifye pou youn, osinon 2, osinon toule 3, konsa tou ou gen dwa pa kalifye pou anyen menm. Me kisa 3 kalite food stamps sa yo vle di epi tou kouman ou kapab kalifye pou yo.

### Food Stamps kòm Ranplasman

**1. Mwen ap resevwa food stamps, men tout manje'm te gate lè kouran te koupe nan dezas la. Kisa mwen kapab fè?**

Ou kapab kalifye pou Ranplasman Food Stamps pou ede ou ranplase manje ou ki te gate. Tanpri kontakte moun ki ap travay sou ka ou-a osinon ninpòt lòt moun nan biwo lokal Depatman Timoun ak Lafanmi / Department of Children and Families pou plis infòmasyon sou kouman pou ou aplike.

### Food Stamps nan Ka Dezas

**1. Kisa food stamps pou dezas ye?**

Gouvènman federal kapab deside bay Food Stamps lè shop manje yo rewouvè apre yon dezas ki te anpeche yo delivre manje ba yo.

**2. Kimoun ki kalifye pou food stamps apre yon dezas?**

Sa repoze sou desizyon gouvènman. Apre yon dezas, fanmi ki nan zòn dezas la kapab kalifye pou Food Stamps sa-a menm lè li pa tap kalifye pou yon lot kalite food stamps.

### Food Stamps Pou Ka Nesesite

**1. Kisa food stamps pou ka nesessite ye?**

Food stamps pou ka nesessite se pou moun ki nan gwo bezwen, epi yo kapab resevwa li 7 jou apre yo fin'n aplike. Lè ou aplike pou food stamps odinè, yo va poze ou kèk keksyon pou yo wè si ou kalifye pou food stamps pou moun ki nan gwo nesessite..

**2. Kouman pou'm fè konnen si mwen kalifye pou food stamps pou ka nesessite?**

Pou ou kalifye pou food stamps pou ka gwo neseseite ou bezwen ranpli youn nan kondisyon sa yo:

- A. Fanmi ou touche antou pi piti pase 150 dola anvan taks, epi tou nou gen pi piti pase 100 dola cache osinon nan yon bank, osinon:
  
- B. Ou se yon migran osinon yon manm fanmi ki travay nan jaden kèk fwa, ki gen pi piti pase 100 dola cache, epi tou ou pa espere touche plis lajan nan mwa ou aplike-a; osinon:
  
- C. Lajan nou peye pou lwaye ak mòguej chak mwa ak lòt bil tankou limyè ak telefòn plis pase sa nou touché ansanm anvan takss, mete ansanm ak cache ak lajan nou gen nan bank.

### **3. Eske imigran kapab kalifye pou food stamps pou ka neseseite?**

Anpil imigran tankou refije, moun ki gen azil, moun ki antre tankou Kiben/Aysien, moun ki gen grenn kat, epi ki travay nan peyi Etazini pou yon bon bout tan, manm tribi Endien gouvènman federal rekonèt, veteran, manm lame kapab kalifye pou food stamps nan ka neseseite.

### **4. Ki verifikasyon mwen bezwen pou'm jwenn food stamps pou ka neseseite?**

Ou dwe kapab moutre ou se moun ou di ou ye-a, sa vle di moutre dokiman ki gen nom ou sou yo, osinon pwezante ak moun ki kapab di yo konnen ou.

### **5. Eske mwen gen lot kondisyon pou mwen ranpli pou mwen kapab kalifye?**

Yo ap mande ou pou ou verifye estati imigrasyon ou, nimewo sekirite sosyal ou, pwev sa ou touché ak sa ou depanse nan moman ou aplike-a. Men, menm si ou pa kapab bay tou pwev yo mande ou, ou kapab kalifye pou food stamps pou ka neseseite apre 7 jou ou te fè aplikasyon-an.

### **6. Si mwen pa kalifye pou food stamps pou ka neseseite, eske mwen kapab aplike pou food stamps odinè?**

Oui, yo dwe etidye aplikasyon ou-a, epi yo dwe ekri ou nan 30 jou pou fè ou konnen si ou kalifye ak kantite benefis yo ap ba ou. Si yo refize ou benefis sa-a epi ou konnen yo dwe ba ou li, tanpri kontakte biwo Legal Sèvis ki pi pre ou.

Pou plis infomasyon ak asistans, tanpri kontakte biwo nou ki pi pre ou..

## **Your Legal Services Office Contact Information**